

Accessibility. Inclusive of full participation by people with disabilities. An experience that can be enjoyed by all people.

Aksesibilite. Patisipasyon tout moun ki andikape yo. Yon eksperyans tout moun ka renmen.

Accessible Dispatch. A TLC program that dispatches yellow and green accessible taxis on trips that start in any destination in New York City.

Dispatch aksesib. Yon pwogram TLC ki voye taksi jon ak vèt aksesib nan vwayaj ki kòmanse nan nenpòt destinasyon nan Vil New York.

Accessible medallion. A medallion that can only be used with an accessible taxi.

Medayon aksesib. Yon medayon ki ka itilize sèlman ak yon taksi aksesib.

Accessible street hail livery. A street hail livery that is designed to transport people who use wheelchairs.

Machin transpò nan wout pou andikape. Yon machin transpò nan wout ki fèt pou transpòte moun ki sèvi ak chèz woulant.

Accessible vehicle. A vehicle that can transport people who use wheelchairs.

Machin aksesib. Yon machin ki ka transpòte moun ki sèvi ak chèz woulant.

Address. The numbers and words that give the location of a building or place.

Adrès. Chif ak mo yo ki bay kote batiman oswa yon kote.

Adjudication. The formal process for deciding who is right in a case, argument, or dispute. If it involves TLC rules or regulations, adjudication is usually done in the Office of Administrative Trials and Hearings (OATH).

Jijman. Yon pwosesis nòmal pou deside kiyès ki gen rezon nan yon sitiyasyon, agiman, oswa diskisyon. Si li mande règleman oswa kondisyon TLC yo, jijman fèt souvan nan Biwo Administrasyon pou Tribinal ak Odyans [Office of Administrative Trials and Hearings] (OATH).

Affiliation. A business arrangement where a TLC-licensed vehicle is associated with a TLC-licensed base. The class of TLC-licensed vehicle also indicates what type of base it can work with.

Afilyasyon. Yon negosyasyon biznis kote yon machin ki gen lisans TLC asosye ak yon baz lisans TLC. Klas machin ki gen lisans TLC montre tou ak ki baz li ka travay avèk yo.

Affirmative Defense. A driver states that they committed a violation of TLC rules, but the conduct was allowed in that instance. For instance, they had to use a cell phone to report an emergency and could not safely stop before making that report.

Defans Afimatif. Yon chofè deklare ke li komèt yon vyolasyon règ TLC yo, men konpòtman la te pèmèt nan ka sa. Pa ekzanp, yo te oblije sèvi ak yon telefòn pou siyale ijans epi yo pa t ka kanpe an sekirite anvan yo fè apèl ijans la.

Agent. A TLC-licensed business entity that operates or helps to operate one or more taxis for their owner.

Ajan. Yon sosyete biznis ki gen lisans TLC ki opere oswa ki ede opere youn oswa plizyè taksi pou pwopriyetè yo.

Americans with Disabilities Act (ADA). Federal civil rights legislation signed into law in 1990 to address discrimination based on disability in transportation, employment, public accommodations, telecommunications, and state and local government services.

Lwa sou Ameriken Andikape yo (ADA). Lwa dwa sivil federal yo te dekrete an 1990 pou adrese diskriminasyon ki baze sou andikap nan tranpò, travay, lojman piblik yo, tele kominikasyon yo, ak sèvis leta ak gouvènman local.

American Sign Language (ASL). A complete language that uses signs made by hand movements, facial expressions, and body posture. It is used by many people in North America who are deaf or hard of hearing as a primary means of communication.

Lang Siy Ameriken (ASL). Yon langaj konplè ki sèvi ak siy ki fèt pa mouvman men yo, ekspresyon visaj, ak posti kò. Anpil moun nan Nò Amerik la ki soud oswa ki pa tande byen sèvi ak li kòm yon mwayen prensipal pou kominikasyon.

App. An abbreviation for application. An app is a smartphone, tablet, or computer software that performs a special task. Apps can be used on a portable electronic device, as well as a desktop computer.

App. Yon abrevyasyon pou aplikasyon. Yon app se yon smartphone, tablèt, oswa odinatè ki ap fè yon travay espesyal. Ou ka itilize app yo nan yon aparèy elektwonik pòtab, ak tou yon òdinate biwo.

Appearance. Relating to TLC, this means going in front of a judge or going to court.

Aparans. An rapò ak TLC, ki vle di ale devan yon jij oswa ale nan tribinal.

Applicant. A person or business who seeks a license or authorization from the TLC. They may also need an action, such as a transfer, that requires TLC approval.

Aplikasyon. Yon moun oswa yon biznis ki ap chèche yon lisans oswa yon otorizasyon nan men TLC. Yo ka bezwen fè yon pwosesis, tankou yon transfè, ki mande apwobasyon TLC.

Attendant. A person who helps or provides care for a person with a disability or health care need, whether temporary or permanent.

Asistan. Yon moun ki ap ede oswa bay swen yon moun ki gen yon andikap oswa bezwen swen sante, kit tanporè oswa pèmanan.

Back seat. The seat in the back of the vehicle, where passengers usually sit.

Syèj dèyè. Syèj ki dèyè machin nan, kote pasaje yo anjeneral chita.

Base. A TLC-licensed business that dispatches a particular class of TLC-licensed vehicles to work for-hire. There are different kinds of bases, such as black car bases, livery bases, high-volume for-hire vehicle bases, and luxury limousine bases.

Baz. Yon biznis ki gen lisans TLC ki voye yon klas patikilye nan machin ki gen lisans TLC pou travay pou anboche. Genyen diferan kalite baz, tankou baz machin nwa, baz machin transpò yo, gwo volim pou-lwe baz machin, ak baz limousine liksyeo.

Battery Electric Vehicle Taxi Pilot. A pilot program that increases the number of electric vehicle option for Taxi Owners.

Machin Transpò ak Batri Elektrik. Yon pwogram pilòt ki ogmante kantite opsyon veyikil elektrik pou Pwopriyetè Taksi yo.

Board of Commissioners. The TLC's Commission Board has nine members. One Commissioner is salaried, is the head of the TLC, and presides over regularly scheduled public meetings. Eight Commissioners do not receive a salary and are appointed by the Mayor with the consent of the City Council, including a Commissioner for each borough.

Konsèy Komisyonè yo. Komisyon Konsèy TLC a gen nèf manm. Yon Komisè ki se yon salarye, ki se chèf TLC, epi li prezide reyinyon piblik yo pwograme regilyèman. Uit Komisè pa resevwa yon salè e Lameri nomine yo ak konsantman Konsèy minisipal, san bliye yon Komisè pou chak awondisman.

Black car. A vehicle that can affiliate and work for a black car base or a high-volume for-hire service.

Machin nwa. Yon machin ki ka afilye ak travay pou yon baz machin nwa oswa yon sèvis transpò pou gwo volim.

Black car base. A TLC-licensed business that dispatches black car vehicles on a pre-arranged basis. All the vehicles are owned by base franchisees, or are members of a cooperative that own the base. Less than 10 percent of payments from passengers is in direct cash.

Baz machin nwa. Yon biznis ki gen lisans TLC ki voye machin nwa yo sou rezèvasyon. Tout machin yo posede pa baz franchiz yo, oswa yo se manm yon koperativ ki posede baz la. Mwens ke 10 pousan pèman yo pasaje yo fèt kach.

Black Car Fund. A compensation fund for black car drivers who are injured on the job that was created by New York State law in 1999.

Fon Machin nwa. Yon konpansasyon pou chofè machin nwa ki blese nan travay la lwa Leta New York te kreye an 1999.

Bike box. An area at an intersection before the crosswalk that is only for cyclists. Bike boxes help drivers see cyclists more clearly, and they give cyclists a better position to complete a turn.

Bwat bisiklèt. Yon zòn ki nan entèseksyon anvan pasaj pou pyeton an ki se sèlman pou siklis. Bwat bisiklèt yo ede siklis yo wè chofè bisiklèt yo pi byen, epi yo bay chofè bisiklèt yo yon pozisyon ki miyò pou yo fin fè pakou a.

Bike (bicycle) lane. A conventional bike lane is a traffic lane painted onto the road way for bicyclists to use. When bike lanes do not have physical separation, some drivers will block bike lanes, especially in

areas where double parking or other illegal parking is common. Protected bike lanes and grade-separated bike lanes have the greatest safety benefits for cyclists, using a physical separation such as floating parking, a curb, raised median, or other vertical elements to separate cyclists from motor vehicle traffic.

Wout pou bisiklèt. Yon wout pou bisiklèt ki konvansyonèl se yon wout trafik ke yo trase sou lari a pou chofè bisiklèt yo ka itilize. Lè wout bisiklèt yo pa genyen yon separasyon fizik, kèk chofè pral bloke pasaj bisiklèt yo, sitou nan zòn kote toujou genyen doub pakin oswa lòt pakin ilegal. Wout ki pwoteje ak wout ki gen plizyè nivo pou bisiklèt gen pi gwo benefis sekirite pou chofè bisiklèt yo, ak yon separasyon fizik tankou stasyonman sou pasaj, twotwa, separatwa, oswa lòt eleman vètikal ki separe bisiklèt ak trafik veyikil yo.

Broker. A person or business licensed by the TLC to negotiate the transfer of any medallion, including any interest in a medallion, or a loan to be secured by a medallion or taxi.

Koutye. Yon moun oswa yon biznis ki gen lisans TLC pou negosye transfè nenpòt medayon, ak tout enterè nan yon medayon, oswa yon prè pou garanti pa yon medayon oswa taksi.

Brokerage. The business of operating as a TLC-licensed broker, and transferring medallion interests and loans.

Konpayi Koutye. Yon biznis ki opere tankou yon koutye ki gen lisans TLC, epi ki transfere enterè medayon yo ak prè yo.

Bus. A large vehicle that carries many passengers along a fixed route during certain hours. In New York City, there are public local and express MTA buses, as well as private shuttle buses, double-decker buses, and charter buses.

Bis. Yon gwo machin ki pote plizyè pasaje sou yon wout dwat pandan kèk lè. Nan Vil New York, genyen sa ki se bis transpò piblik lokal yo epi bis express MTA yo, ak bis transpò prive yo, bis enperyal yo, ak otobis yo.

Bus lane. Travel lanes restricted to public buses during certain times of the day. Bus lanes can be curbside, and parking and standing at the curb is not permitted when the bus lane is in effect. Offset bus lanes are one lane away from the curb. Parking or standing at the curb is still possible. Stopping of any kind, including double-parking, is not allowed in an offset bus lane. Vehicles can make a right turn in a bus lane unless otherwise restricted.

Liy pou bis. Liy pou vwayaje ki rezève pou bis piblik pandan kèk tan nan jounen an. Liy pou bis yo kapab bò twotwa, pakinen epi stasyon nan arebò twotwa yo pa otorize liy pou bis la gen trafik. Wout ki rezève pou bis yo gen yon ti espas ki separe yo ak twotwa. Li toujou posib pou ou pakinen oswa kanpe nan arebò twotwa a. Nenpòt ki arè li ta ye, kit se te doub pakin, bagay sa yo pa otorize nan wout ki rezève pou bis. Machin yo ka fè yon viraj a dwat nan yon wout ki rezève pou otobis yo sof si yo pa ta otorize sa

Car seat. A special vehicle seat for babies and small children that keeps them same. The car seat can be attached to a vehicle's seat and removed.

Syèj machin. Syèjmachin espesyal pou ti bebe ak timoun piti ki kite yo menm jan. Syèj machin ka rete fikse sou syèj yon machin epi tou yo ka retire l.

Caregiver. A person who provides direct care to people with disabilities and others. This is different than a caretaker, who takes care of property.

Swayan. Yon moun ki ap bay swen dirèk pou moun ki andikap ak lòt moun. Li diferan de yon moun ki gadyen, ki la pou pran swen pwopriyete.

Chairperson. The head of the New York City Taxi and Limousine Commission.

Prezidan. Chèf Komisyon Taksi ak Limouzin nan Vil New York.

Chauffeur. A person employed to drive a vehicle. In New York State, they must have a valid Class A, B, C, or E driver's license.

Chofè. Yon moun ki anplwaye pou kondwi yon machin. Nan Leta New York, li dwe genyen yon lisans chofè klas A, B, C, oswa E ki valab.

Chauffeur's License or DMV Class E License. A license to drive a vehicle for-hire, for up to 14 passengers. In New York State, a chauffeur's license is a Class E driver's license from the Department of Motor Vehicles.

Lisans E oswa Lisans Chofè DMV klas E. Yon lisans pou kondwi yon machin pou lwe, pou jiska 14 pasaje. Nan Leta New York, yon lisans chofè se yon lisans chofè pou kondwi Klas E ki soti nan Depatman Machin Otomobil yo.

Chronic illness. A health condition that lasts three months or longer. Some illnesses, such as multiple sclerosis or diabetes, are lifelong conditions.

Maladi kwonik. Yon kondisyon sante ki dire twa mwa oswa plis. Kèk maladi, tankou sklewoz an plak oswa dyabèt, se de kondisyon ki dire lontan.

Cochlear implant. An electronic device that can assist a person who is deaf or hard of hearing in understanding speech.

Aparèy Kokle. Yon aparèy elektwonik ki ka asiste yon moun ki soud oswa ki difisil pou tande nan diskou ki mande reflechi.

Collision. A vehicle impacts another vehicle, personal, animal, or property.

Kolizyon. Yon machin enpak yon lòt machin, moun, bèt, oswa pwopriyete.

Commute. To travel to and from a place regularly, usually between a person's home and their work.

Fè vwayaj. Ale epi sòti nan yon zòn toutan, pi souvan ant kay yon moun ak travay li.

Compensation. Something given to another person for doing a job or service, or to make up for damage or trouble. An insurance company, for instance, may compensate you if your vehicle is damaged by someone else, and it is not your fault. Compensation could also refer to the money and benefits a worker receives from a job.

Konpansasyon. Yon bagay ke yo bay on lòt moun poutèt yon travay oswa yon sèvis, oswa pou repare yon domaj oswa yon pwoblèm. Yon konpayi asirans, pa egzanp, ka konpanse w si machin ou domaje pa

yon lòt moun, e ke se pa fòt ou. Konpansasyon ka vle di tou lajan ak benefis yon travayè resevwa pou yon travay.

Commuter van. A vehicle that seats between 9 and 20 passengers, and has been licensed to provide transportation for-hire with a TLC-licensed commuter van service.

Commuter van. Yon machin ki ka pran ant 9 ak 20 pasaje, epi ki gen lisans pou bay transpò pasaje ak yon sèvis commuter van ki gen lisans TLC.

Compliance. When you do what a law, rule, order, or official asks or orders you to do.

Konfòmite. Lè ou fè sa yon lwa, yon règleman, yon lòd, oswa yon ofisyèl mande w oswa ba w lòd pou fè.

Congestion zone. A geographic area within Manhattan that is below 96th Street (excluding 96th Street).

Zòn konjesyon. Yon zòn jewografik ki nan Manatann ki anba 96th Street (eksepte 96th Street).

Cooper's Law. A New York City local law that requires the TLC to immediately suspend the TLC license of any driver issued a summons for a traffic violation or crime related to a crash that caused a serious injury or death. If the driver is found guilty of the traffic violation or crime, the driver's TLC license is revoked.

Lwa Cooper. Yon lwa lokal Vil New York ki ekzije yon TLC pou li kouri sispann lisans TLC ki pou nenpòt chofè ke yo ta konvoke pou yon vyolasyon sou règleman trafik la oswa yon krim ki ta lye ak yon aksidan ki koze gwo blese oswa lanmò. Si yo ta jwenn ke chofè a koupab akoy vyolasyon trafik oswa te fè yon krim, chofè lisansye TLC a ap revoke.

Crash. When a vehicle hits someone or something hard enough to cause injury, death, damage, or destruction.

Aksidan. Lè yon machin frape yon moun oswa yon bagay byen fò pou li koze blese, lanmò, domaj, oswa destriksyon.

Credit card. A plastic card used by a person to pay for things or service and agrees to pay back later.

Kat kredi. Yon kat plastik yon moun itilize pou peye bagay oswa sèvis epi ki dakò pou ranbouse pita.

Critical Driver's Program. A program that imposes penalties on TLC-licensed drivers who have a certain number of DMV points on his or her driver's license.

Pwogram Chofè kritik. Yon pwogram ki enpoze penalite yo sou chofè ki gen lisans TLC epi ki gen yon kantite pwen DMV sou lisans chofè li.

Crosstown. When you go across the city from one end to another. Typically, this is used regarding traveling between the East and West Side of Manhattan.

Travèse Vil. Lè ou ap travèse vil depi yon kote rive jwenn yon lòt. Nòmalman, yo itilize lè sa konsène voyaj ant zòn Lès ak Lwès Manatann.

Crosswalk. A marked path on a road or street for people to safely cross.

Pasaj Pyeton. Yon chimen ki trase sou yon wout oswa yon riyèl pou moun ka travèse an sekirite.

Cruising. The time spent by a for-hire vehicle available to receive dispatches from a base or high-volume for-hire service, but is not transporting a passenger. This includes traveling in a TLC-licensed vehicle to look for a passenger to pick up and take them somewhere for-hire.

Kwazyè. Tan yon machin transpò fè e ki disponib pou resevwa ekspedisyon nan men yon baz oswa gwo volim pou lwe, men li pa transpòteyon pasaje. Tankou vwayaje nan yon machin ki gen lisans TLC pou pase chèche yon pasaje epi mennen yo yon kote pou anboche.

Crutches. Long sticks that fit under someone's arm to help them walk. Crutches may be used when a person has injured a part of their body.

Beki. Baton long ki ka rete anba bra yon moun pou ede yo mache. Ou ka itilize beki yo lè yon moun blese nan youn nan pati kò li.

Curb. Where the sidewalk ends; the edge of the sidewalk.

Arebò twotwa. Kote twotwa a fini; bò twotwa a.

Dashboard. A panel or part of inside a vehicle that has the controls.

Panèl. Yon panèl oswa pati anndan yon machin ki gen kontwòl yo.

Debit card. A plastic card a person can use to pay for things or services using money from a bank account.

Kat Debi. Yon kat plastik yon moun ka itilize pou peye bagay oswa sèvis ak lajan ki sou kont li.

Decal. A sticker issued by the TLC and attached to a TLC-Licensed Vehicle.

Otokolan. Yon stikèz TLC bay e ki kole sou yon Machin ki gen Lisans TLC.

Default. A decision made against a TLC Licensee after they fail to appear for a hearing, enter a plea, or make a request to reschedule the hearing.

Defo. Yon desizyon ki pran kont yon Lisansye TLC apre yo pa reyisi parèt nan yon odyans, antre nan yon pledwaye, oswa fè yon demand pou repòte odyans lan.

Defensive Driving Course. A course that teaches you how to drive safely, defensively, and prevent crashes. It must be approved by the TLC and the New York State Department of Motor Vehicles, and can reduce points on a DMV license.

Kou Kondwi Defansif. Yon kou ki anseye w kijan pou kondwi an sekirite, ak defans, epi anpeche aksidan yo. Li dwe apwouve pa TLC ak Depatman Machin Otomobil Leta New York, e li ka redwi pwèn yo sou yon lisans DMV.

Direction. The way or path on which something is moving towards or pointing to.

Direksyon. Chimen oswa chimen kote yon bagay ap pran yon direksyon oswa ap pwente.

Disability. A physical or mental impairment that affects one or more major life activity, such as seeing, hearing, breathing, walking, talking, or performing manual tasks. A functional limitation that affects a person's ability to do certain tasks or activities, or makes them more difficult. Use person-first language,

or ask a person what their preference is. Avoid using descriptions such as “suffers from” or “afflicted with,” and use neutral language (for example, she is Deaf).

Andikap. Yon andikap fizik oswa mantal ki afekte youn oswa plizyè gwo aktivite kotidyen, tankou wè, tande, respire, mache, pale, oswa fè travay manyèl. Yon limit fonksyonèlki afekte kapasite youn moun nan fè kèk travay oswa aktivite, oswa ki fè travay la vin pi difisil. Itilize premye lang moun nan, oswa mande youn moun kisa ki preferans li. Evite itilize deskripsyon tankou “soufri de” oswa “aflije ak”, epi itilize langaj ki senp (pa egzanzp, li Soud).

Discretionary Revocation. The TLC chairperson can use their discretion to revoke a TLC License for a rule violation if the chairperson determines they present a threat to public health, safety, or welfare.

Revokasyon Diskresyonè. Prezidan TLC ka itilize diskresyon pou revoke youn Lisans TLC a koz youn vyolasyon si prezidan an wè ke genyen youn menas nan sante piblik, sekirite, oswa nan byennèt.

Dispatch. A request made from a TLC-licensed base to a TLC-licensed driver that directs them to provide transportation to a passenger who has arranged the trip through a request to the base (such as a car service).

Ekspedisyon. Yon demand ki fèt a pati de youn baz lisans TLC youn chofè ki gen lisans TLC ki dirije yo pou bay sèvis transpò a youn pasaje ki te òganize voyaj atravè la youn demand a baz la (tankou sèvis machin).

Dispatch equipment. Communications equipment used to request available Taxi Drivers for Accessible Dispatch trips.

Ekipman ekspedisyon. Ekipman kominikasyon yo itilize pou reponn a Chofè Taksi pou voyaj ak moun andikape yo.

Dispatch fee. Accessible taxi driver receive payment when they complete or attempt to complete an Accessible Dispatch trip, using the Dispatch Fee schedule.

Frè Ekspedisyon. Yon chofè taksi pou andikape resevwa pèman lè yo fin fè oswa te preske fin fè youn voyaj ak moun andikape, nan itilize kalandriye Pèman Ekspedisyon an.

Distracted driving course. A TLC-approved course that trains drivers on the dangers of driving and using electronic devices, as well as the rules that apply to those devices on the road.

Kou kondwi distrè. Yon kou ki apwouve pa TLC ki ap aprann chofè yo sityasyon lè gen danje nan kondwi ak lè y ap itilize aparèy elektwonik yo, avèk règleman ki konsène aparèy sa yo sou wout la.

DMV. This is an acronym for the New York State Department of Motor Vehicles. This state-level agency is responsible for identity papers, motor vehicle and driver services, and vehicle registration.

DMV. Se youn akwonim Depatman Leta New York pou Machin Otomobil yo. Ajansnan nivo leta responsab papye idantite, machin otomobil ak sèvis chofè yo, epi imatrikilasyon machin yo.

Department of Transportation (NYC DOT). A city government agency that is responsible for the movement and transportation of people and goods in New York City, as well as the city’s transportation infrastructure, including sidewalks, streets, highways, and bridges.

Depatman Transpòtasyon (NYC DOT). Yon ajans gouvènman nan vil ki responsab depasman ak transpòtasyon moun ak pwodwi nan Vil New York, ak enfrastikti transpòtasyon, san bliye twotwa yo, lari yo, gwo wout yo, ak pon.

Destination. A place that someone is going to or trying to reach.

Destinasyon. Yon kote yon moun gen pou ale oswa ap eseye rive.

Driver. A person who holds a TLC License that authorizes them to drive a TLC-Licensed vehicle.

Chofè. Yon moun ki gen yon Lisans TLC ki otorize yo kondwi yon machin ki gen Lisans TLC.

Drugs. A controlled substance defined in the New York State Public Health Law.

Medikaman yo. Yon sibstans kontwole ki defini nan Lwa Lasante Piblik Leta New York.

E-Hail. A request for a trip made through an E-Hail application (app).

E-Hail. Yon demand pou yon vwayaj gras a yon aplikasyon E-Hail (app).

E-Hail Application or E-Hail App. A TLC-licensed software program for a smartphone or other electronic device that is integrated with technology systems in taxis, and allows passengers to make payments electronically.

Aplikasyon E-Hail oswa E-Hail App. Yon pwogram lojisyèl lisans TLC pou yon telefòn entelijan oswa lòt aparèy elektwonik ki entegre ak sistèm teknoloji yo nan taksi, epi ki pèmèt pasaje yo fè pèman ak mwayen elektwonik.

Electronic Communication Device. A portable or hands-free electronic device that can make a phone call; send or receive a text message; speak or operate the device hands-free (such as through a voice command); act as a personal digital assistant; send or receive data from the internet; act as a portable computer (such as a laptop); play audio, video, and games, make or display images, or provides a function that can distract a driver. GPS can be used if a TLC-Licensed Vehicle is legally standing or parked when the Driver inputs or transmits data.

Aparèy Kominikasyon Elektwonik. Yon aparèy pòtatif oswa ki ka al tout kote epi ki ka fè yon apèl telefonik; voye oswa resevwa mesaj tèks; pale oswa fè aksyon san w pa manyen anyen (tankou lè w fè kòmand vokal); aji tankou yon asistan dijital prive; voye oswa resevwa enfòmasyon sou entènèt; aji tankou yon òdinatè pòtab (tankou yon laptop); tande odyo, jwe videyo, ak jwèt, fè oswa poste imaj, oswa bay on opsyon ki ka distrè yon chofè. Ou ka itilize GPS si yon Machin Lisans TLC kanpe oswa pakinen san vyole règleman lè yon chofè antre oswa transmèt done.

Electronic or digital wallet. An electronic payment system, frequently used with a smartphone. It is an electronic version of a physical wallet. A person, for instance, can use their phone to make a payment with a digital wallet.

Bous dijital oswa elektwonik. Yon sistèm pèman elektwonik, ke yo toujou itilize ak yon smartphone. Se yon vèsyon elektwonik pou yon bous fizik. Yon moun, pa egzanp, ka itilize telefòn yo pou fè yon pèman ak yon bous dijital.

Fleet. A business that controls at least 25 taxis in a single business location and operates with a dispatcher on site at least 18 hours daily. The dispatcher assigns drivers to the fleet's taxi.

Flòt. Yon biznis ki kontwole omwen 25 taksi nan yon sèl kote biznis e ki opere ak yon ekspeditè ki sou plas omwen 18 èdtan chak jou. Ekspeditè a rele chofè yo nan taksi flòt la.

For-Hire Base. A TLC-licensed business that dispatches for-hire vehicles from a physical location, including a black car, livery, luxury limousine, or high-volume for-hire service.

Baz pou anboche. Yon biznis ki gen lisans TLC ki ap ekspedye machin transpò yo ki sot nan yon lokasyon fizik, san bliye machin gran nèg, machin taksi, limouzin gwo zouzoun, oswa gwo volim pou sèvis lwe.

For-Hire Driver. A TLC Licensee who operates a For-Hire Vehicle.

Chofè pou anboche. Yon Lisansye TLC ki ap opere yon Machin pou anplwaye.

For-Hire Vehicle. A TLC-Licensed vehicle that can seat 20 or fewer passengers, has three or more doors, and is not a taxi, commuter van, or a bus (per New York State law).

Machin pou lwe. Yon machin ki gen Lisans TLC ki ka resevwa 20 oswa mwens pasaje, ki gen twa oswa plis pòt, e ki pa yon taksi, yon commuter van, oswa yon bis (pou chak lwa Leta New York).

GPS. A device that uses a global positioning navigation system to convey directions using a voice function, and transmits only geographical direction information. It can only be used by TLC-Licensed Drivers when the vehicle is legally standing or parked.

GPS. Yon aparèy ki itilize yon sistèm navigasyon pozisyon mondyal pou kominike direksyon lè ou itilize yon opsyon vokal, epi transmèt sèlman enfòmasyon direksyon jewografik. Chofè ki gen Lisans TLC yo ka itilize l sèlman lè machin nan kanpe oswa pakinen san vyole règleman.

Hack-up. Modifying a vehicle so that it can operate as a medallion taxi in New York City.

Hack up. Modife yon machin pou li ka opere tankou yon taksi medayon nan Vil New York.

Hail. A request for on-demand yellow or green taxi service through a verbal action (such as calling out), physical action (raising one's arm), or using an e-hail app.

Hail. Yon demand pou taksi jon oswa vèt (kanpe taksi) ki toujou disponib, ki fèt nan yon aksyon vèbal (tankou rele ak vwa w), yon aksyon fizik (leve men w anlè), oswa nan itilize yon aplikasyon e-hail.

Hail exclusionary zone. A geographic area where green taxis cannot accept a passenger by hail. This area is at New York City airports, below East 96th Street West 110th Street in Manhattan. Street Hail Liveries can do pre-arranged trips at the airports through a base, telephone, app, website, or other method. They cannot do pre-arranged trips in Manhattan below East 96th Street and West 110th Street. Green taxis can do paratransit trips for individuals with disabilities by or on behalf of the MTA.

Zòn esklizyon Hail. Yon zòn jewografik kote taksi vèt pa ka aksepte yon pasaje nan wout. Zòn sa nan ayewopò Vil New York yo, pa anwo zòn Lès 96th Street Lwès 110th Street nan Manatann. Machin Transpò pou Pasaje nan wout yo ka fè vwayaj ki òganize davans nan ayewopò yo apati de yon baz, yon telefòn, yon aplikasyon, yon sit wèb, oswa lòt metòd. Yo pa ka fè vwayaj ki òganize davans nan

Manatann pa anba zòn 96th Street ak Lwès 110th Street. Taksi vèt ka fè vwayaj lib pou endividi ki gen andikap gras a oswa sou non MTA.

Hail zone. A geographic area where green taxis can accept passengers by hail. It encompasses Manhattan above East 96th Street, Manhattan above West 110th Street, and the outerboroughs, excluding New York City airports.

Zòn sklizyon Hail. Yon zòn jewografik kote ke taksi vèt ka aksepte pasaje yo nan wout. Li pran tout Manatann pa anwo zòn Lès 96th Street, nan Manatann pa anwo Lwès 110th Street, ak lòt awondisman andeyò Manatann, ayewopò Vil New York yo pa ladann.

Hearing. Regarding OATH, a hearing is a presentation and evidence consideration before an Administrative Law Judge.

Odyans. Pou sa ki konsène OATH, yon odyans se yon prezantasyon ak yon evalyasyon sou prèv devan yon Jij Administratif.

Hearing Induction loop. A device used to transmit sound directly to hearing aids that use a small copper wire (a T-coil) or cochlear implants.

Boukl Oditif. Yon aparèy ke yo itilize pou transmèt son an dirèkteman a yon bagay pou ede w tandè epi ki itilize yon ti fil kwiv (yon bobin T) oswa aparèy kokle.

Hearing officers. A person designated by OATH to carry out to the powers, duties, and responsibilities of the Taxi and Limousine Tribunal.

Ofisyè Odyans yo. Yon moun ke OATH chwazi pou ekzèsè pouvwa yo, devwa yo ak responsabilite Tribinal pou taksi ak limouzin yo.

High-Volume For-Hire Service. A central dispatch facility that is a TLC-licensed business, connects passengers to for-hire vehicles through pre-arranged trips, uses a passenger-facing booking tool, and dispatches 10,000 or more trips in New York City per day.

Sèvis pou anboche gwo volim. Yon enstalasyon pou ekspedisyon santral ki se yon konpayi ki gen lisans TLC, li konekte pasaje yo ak machin transpò yo nan vwayaj ki òganize davans, li itilize yon bagay pou rezèvasyon ki oryante pasaje epi li ekspedye 10000 oswa plis vwayaj nan Vil New York chak jou.

Honor Roll. The TLC holds an Honor Roll Ceremony every year to celebrate the accomplishments of TLC-licensed drivers and bases, such as Vision Zero and accessibility. Every year, the TLC honors the safest drivers and businesses, as well as drivers that are leaders in Accessible Dispatch. TLC has also recognized drivers for supporting efforts to fight COVID-19, including food delivery and supporting home vaccination.

Lis pou Onore. Chak ane, TLC gen yon Seremoni Lis Pou Onore ak selebre akonplisman baz ak chofè lisansye TLC yo, tankou Vizyon Zewo ak sa ki pou andikape yo. Chak ane, TLC onore chofè ak konpayi ki bay plis sekirite, ak chofè yo ki pi bon nan zafè ekspedisyon pou moun andikape. TLC rekonnèt chofè yo ki fè efò nan sipòte epi konbat kont COVID-19, nan sipòte livrezon manje epi vaksinasyon ki fèt lakay.

Independent Medallion. A class of Medallion where the owner can only own one medallion.

Meday Endepandan. Yon fòmasyon Meday kote pwopriyetè a ka sèlman genyen yon meday.

Licensee. An individual or business that has a TLC License, including an individual or business that has a suspended License.

Lisansye. Yon moun oswa yon konpayi ki genyen yon lisans TLC, kit se te yon moun oswa yon biznis ki gen yon lisans ke yo sispann otorize.

Livery. A for-hire vehicle that is affiliated with a livery base.

Livery. Yon machin ki afilye ak yon baz transpò piblik.

Livery Base. A for-hire base that dispatches livery vehicles on a pre-arranged basis, dispatches vehicles that are designed to carry fewer than six people, and passengers are charged for service based on a flat rate, time, mileage, or zone.

Baz Livery. Yon baz transpò piblik ki ap ekspedye machin sou rezèvasyon, ki ekspedye machin ki fèt pou pote mwens ke sis moun, epi pasaje yo dwe peye pou sèvis ki baze nan yon to ki fikse, nan lè, kilometraj oswa zòn nan.

Livery Fund. An independent livery driver benefit established under New York State Executive Law, Article 6-G.

Fon Machin Transpò Piblik. Yon benefis chofè transpò endepandan ke yo etabli nan Lwa Ekzekitif Leta New York dapre Atik 6-G.

Luxury Limousine. A For-Hire Vehicle that has affiliated with a luxury limousine base and has a seating capacity of 20 or fewer passengers.

Limouzin liksye. Yon Machin Transpò ke yo afilye ak yon baz limouzin liksye epi ki gen yon kapasite pou kenbe 20 oswa mwens pasaje.

Luxury Limousine Base. A for-hire base that dispatches all luxury limousines by pre-arrangement, less than 10% is paid by direct cash, and passengers are charged “garage to garage” service via a flat rate, time, or mileage.

Baz Gwo Limouzin liksye Yon baz transpò k ap ekspedye tout limouzin liksye yo sou rezèvasyon, mwens ke 10% peye ak kach dirèk, epi pasaje yo dwe peye sèvis “pakou ale retou” nan yon to ki fikse, dapre lè, oswa kilometraj.

Mandatory revocation. When revocation must be imposed as a penalty in TLC rules.

Revokasyon obligatwa. Lè revokasyon dwe enpoze antanke yon penalite nan regleman TLC yo.

Medallion. A numbered plate placed on the outside of a yellow taxicab as physical evidence that it is licensed to operate and provide taxi service.

Meday. Yon plak ki gen nimewo pa deyò yon taksi kòm yon prèv ke li gen lisans pou li opere epi bay sèvis taksi.

Medallion Relief Program. A TLC program that helps medallion owner-drivers receive debt relief by lowering loan principals and monthly payments.

Pwogram Soulajman Meday. Yon pwogram TLC ki ede chofè pwopriyete medayon yo resevwa soulajman detè lè yo redwi montan lajan ou dwe ak pèman chak mwa yo.

Minifleet. A TLC-licensed business that owns and operates two or more taxis. They often work with a fleet to storage and dispatch taxicabs every day.

Mini flòt. Yon biznis ki gen lisans TLC ki posede epi opere de oswa plis taksi. Souvan yo travay ak yon plas machin pou yo jwenn espas epi ekspedye taksi chak jou.

Minifleet Medallion. A medallion taxicab license that must be owned in groups of at least two.

Meday mini flòt. Yon lisans taksi meday ki dwe pou yon gwoup ki gen pou piti de moun.

MTA Tax. A 50-cent New York State tax on taxicab trips created by Article 29-A of the New York State Tax Law.

Taks MTA. Yon taks 50-santim leta New York pou vwayaj taksi yo ki kreye pa Atik 29-A nan Lwa Taks Leta New York.

OATH. This is an acronym for the New York City Office of Administrative Trials and Hearings.

OATH. Se yon akwonim pou Biwo Administrasyon pou Tribinal ak Odyans [Office of Administrative Trials and Hearings] Vil New York

OATH Tribunal. This is the New York City Office of Administrative Trials and Hearings tribunal established by the City of New York Charter and rules (Chapter 1, Title 48). Administrative Law Judges carry out the adjudicatory powers, duties, and responsibilities of the OATH Tribunal.

Tribinal OATH. Se Biwo Administrasyon pou Tribinal ak Odyans Vil New York ki etabli pa Chat ak règleman Vil New York (Chapit 1, Tit 48). Jij Lwa Administratif yo gen pouvwa, devwa, ak responsabiltè lejislatif Tribinal OATH.

Paratransit Disability. A physical, mobility, or mental impairment that prevents a person from boarding, riding, or disembarking from a vehicle without the assistance of a wheelchair lift or other boarding assistance device.

Andikap Paratranzit. Yon defo mantal, nan manm oswa fizik ki anpeche yon moun monte, kondwi, oswa sòti nan yon machin san asistans yon chèz woulant k ap leve l oswa lòt asistans aparèy ki ka leve l.

Paratransit Vehicle. Any motor vehicle equipped with a hydraulic lift or ramp designed to transport people who use wheelchairs or other physical devices designed to permit access the transportation of a person with a Paratransit Disability,

Machin Transpò pou Andikape. Nenpòt machin otomobil ki ekipe ak yon elevatè oswa yon ranp idwolik ki fèt pou transpòte moun ki ap itilize chèz woulant oswa li ka lòt aparèy fizik ki fèt pou ede transpòtasyon moun ak Andikap Paratranzit vin aksesib,

Passenger. A person who rides in a vehicle and does not operate it.

Pasaje. Yon moun ki ap fè vwayaj nan yon machin e ki pa p opere l.

Passenger Assistance and Wheelchair Accessible Vehicle Training. A training course that instructs drivers on the legal requirements for transporting people with disabilities; passenger assistance techniques and safety procedures; individual hands-on training with an actual person using a wheelchair sensitivity awareness, including customer service and conflict resolution policies, and the dispatch of vehicles by the Accessible Dispatch program.

Asistans Pasaje ak Fòmasyon Machin Transpò pou Andikape. Yon kou fòmasyon ki ap enstwi chofè yo sou egzijans legal nan tranpòte moun ki andikape yo; teknik sou asistans pasaje ak pwosedi sekirite; fòmasyon pratik endividyèl ak yon vrè moun lè ou fè ka de prensip ki sansib pou andikape yo, san bliye règleman sèvis kliyantèl ak rezolisyon konfli yo, ak ekspedisyon machin yo gras a pwogram Ekspedisyon pou Andikape.

Persistent violator program. A program that establishes additional penalties for drivers who repeatedly violate TLC rules within a certain amount of time, based on the number of points accrued.

Pwogram vyolatè pèsistan. Yon pwogram ki etabli penalite adisyonèl pou chofè ki toujou ap vyole règleman TLC nan yon seri kantite tan, ki baze sou kantite pwen ki fèt.

Persons with a Disability or People with Disabilities. A person with a physical or mental disability who can transfer from a mobility aid to a taxicab, for-hire vehicle, or commuter van with or without reasonable assistance.

Endividi ki gen yon Andikap oswa Moun ki gen Andikap. Yon moun ki gen andikap fizik oswa mantal ki sot nan yon èd mobilite pou al nan yon taksi, machin transpò, oswa commuter van avèk oswa san asistans rezonab.

Petition. A request for the TLC to adopt a rule.

Petisyon. Yon demand a TLC pou adopte yon règleman.

Point Reduction Course. A course that drivers can voluntarily take to reduce the points they accumulated under the Persistent Violator Program.

Fòmasyon Rediksyon Pwen. Yon fòmasyon chofè ka pran si yo vle pou redwi pwen yo akimile nan Pwogram Vyolatè Pèsistan.

Securement. Equipment used to secure a passenger who uses a wheelchair before the trip begins.

Zouti Sekirite. Ekipman ke yo itilize pou sekirize yon pasaje ki ap itilize yon chèz woulant anvan vwayaj la kòmanse.

Service Animal. A working animal that performs a task or specific set of tasks to assist a person with a disability.

Sèvis Animal. Yon animal ki ap travay epi ki ap ekzekite yon tach oswa yon seri de tach ki spesifik pou asiste yon moun ki gen andikap.

Sexual Harassment. Conversation or conduct related to sexual acts, sexual contact, intimate body parts, asking about a person's sexual relationships, or expressing a desire to enter into a sexual relationship.

Asèlman Seksyèl. Yon konvèsasyon oswa yon konpòtman ki gen rapò ak aksyon seksyèl yo, kontak seksyèl, pati kò ki entim yo, demand relasyon seksyèl ak yon moun, oswa eksprime yon dezi pou antre nan yon relasyon seksyèl.

Sex Trafficking with a Vehicle. Promoting prostitution or sex trafficking while using a TLC-licensed vehicle to commit such a crime. .

Trafik Sèks ak yon Machin. Pwomote pwostitasyon oswa trafik sèks pandan ou ap itilize yon machin ki gen lisans TLC pou komèt yon krim konsa.

Shared bike lane. Markings can heighten awareness for drivers that cyclists use the road. Cyclists are not separated from traffic.

Tras Wout pou bisiklèt. Tras yo ka sansibilize chofè yo pou chofè bisiklèt ki ap itilize wout la. Chofè bisiklèt yo pa separe de trafik la.

Shared street (pedestrian-priority street). Pedestrians, cyclists, and motorists all share the right of way on a roadway designed for slower travel speeds. Vehicles are advised to drive 5 mph, and be cautious of street furniture and landscaping made for pedestrian use. Shared streets reduce sidewalk crowding on narrow streets, create more space for event programs, and encourages neighborhood activities like shopping, eating, and socializing.

Lari Pou Pyeton (wout ki priyorize pyeton). Pyeton yo, chofè bisiklèt yo, epi chofè machin yo pataje tout dwa pasaj sou wout ki fèt pou vitès deplasman ki pi lan. Yo konseye machin yo pou woule nan 8 kilomèt chak lè, epi akseswa lari yo ak amenajman peyizaj la rezève pou pyeton yo. Lari pou pyeton yo anpeche ke twotwa yo gen twòp moun nan wout ki twò piti yo, li kreye plis espas pou pwogram evenman yo epi li ankouraje aktivite nan katye tankou achte, manje epi pase tan ak moun.

Short Haul. A trip that begins at some transportation terminals and is less than a certain distance or time.

Trajè Kout. Yon vwayaj ki kòmanse depi plas stasyon yo epi ki mwens ke kèk distans oswa yon ti tan.

Stand-By Vehicle. A vehicle licensed by the TLC to be used by a fleet as a replacement for a licensed taxi that is temporarily out of service.

Machin Ranplasman. Yon machin ki lisanse gras a TLC pou yon plas machin ka itilize li tankou ranplasman taksi ki gen lisans epi ki pa nan sèvis pou yon ti tan.

Street Hail Livery. Also known as a green taxi, this is a TLC-Licensed for-hire vehicle or paratransit vehicle that can accept hails in the Hail Zone. It must be affiliated with a Street Hail Livery Base.

Machin Transpò pou Pasaje nan wout. Yo rele li tou taksi vèt, se yon machin transpò ki gen lisans TLC oswa machin pou andikapè ki ka aksepte pasaje nan wout pou Zòn ki nan Hail. Li dwe afilye ak yon Baz Transpò Pasaje nan Wout.

Street Hail Livery Improvement Fund. A city-managed fund that makes subsidy payments to accessible Street Hail Livery owners and drivers. It is funded by the Street Hail Livery Surcharge. Fund money can be used to make grants, offset the costs associated with driving training, funding the Accessible Dispatch Program, and paying Drivers who operate accessible street hail liveries (green taxis).

Amelyorasyon Fon Machin pou Pasaje nan Wout. Yon fon ke yo jere nan vil la ki fè pèman ki sibvansyone pou pwopriyete ak chofè Machin Transpò pou Pasaje nan wout ki andikape. Yo finanse l gras a Taks Adisyonèl Machin Transpò nan Wout. Yo ka itilize lajan fon sa yo pou fè konpansasyon, redwi kantite kòb ki asosye a fòmasyon pou aprann kondwi, finanse Pwogram Ekspedisyon pou Andikape, epi peye Chofè ki ap opere machin transpò pou pasaje nan wout ki andikape (taksi vèt).

Street Hail Livery Improvement Surcharge. Beginning on January 1, 2015, a surcharge of \$.30 was added to every trip.

Pèman Adisyonèl sou Amelyorasyon Machin Transpò nan Wout. Kòmanse nan 1ye Janvyè 2015, yon pèman adisyonèl \$.30 te ajoute sou tout vwayaj.

Summary Suspension. This occurs when a TLC License is suspended before a hearing is held on the violation.

Bilan sou Revokasyon. Sa rive lè yo te sispann yon lisans TLC anvan yon odyans fèt sou vyolasyon an.

Taxi and Limousine Commission (TLC). An agency that oversees taxi and for-hire service in New York City.

Komisyon Taksi ak Limouzin (TLC). Yon ajans ki ap sipèvize taksi ak sèvis transpò nan Vil New York.

Taxi and Limousine Tribunal at OATH (Taxi and Limousine Tribunal). This tribunal has jurisdiction over violations of title 19 (chapter 5 of the administrative code), violations of Commission Rules, and review of the fitness of an Applicant or a Licensee to hold a License.

Tribinal Taksi ak Limouzin nan OATH (Tribinal Taksi ak Limouzin). Tribinal sa gen otorite lejislatif sou vyolasyon tit 19 (chapit 5 kòd administratif), vyolasyon sou règleman Komisyon yo, epi evalyasyon sou kapasite yon Aplikan oswa yon Lisansye pou kenbe yon Lisans.

Taxi stand. A place where taxicabs are authorized by the NYC Department of Transportation or a transportation terminal operator to line up and wait for customers.

Zòn Stasyonman Taksi. Yon kote ki gen taksi ki otorize pa Depatman Transpòtasyon New York oswa yon operatè plas stasyonman pou li kanpe nan liy epi tann kliyan yo.

Taxicab. A yellow vehicle with a medallion affixed that can carry up to five passengers and is authorized to accept hails.

Taksi. Yon machin jon ki gen yon medayon fikse ki ka pote pou piti senk pasaje epi ki otorize pou akseptè pasaje nan wout.

Taxicab Identification Braille Plaque. A plaque is required to be attached inside of a taxicab that identifies in Braille the medallion number, the word COMPLAINTS, and a telephone number.

Plak Grave ak Idantifikasyon Taksi. Yon plak ke yo rekòmande pou li atache anndan yon taksi ki idantifye nan nimewo ki grave sou medayon, ak mo PLENT, epi yon nimewo telefòn.

Taxicab Improvement Fund. A city-managed fund that makes payments to medallion owners, agents, and drivers for purchasing or operating an accessible taxicab, and funds the Accessible Dispatch

program. The fund comes from the Taxi Improvement Surcharge, which is 30 cents per trip since January 1, 2015.

Fon Amelyorasyon Taksi. Yon fon ki jere nan yon vil ki ap peye pwopriyetè, ajan epi chofè meday yo poutèt yo achte oswa itilize yon taksi pou andikape, epi ki finanse yon pwogram Ekspedisyon pou Andikape. Kòb la sòti nan Taks Adisyonèl pou Amelyorasyon Taksi, ki se 30 santim sou chak trajè depi 1ye Janvye 2015.